

# **Avi: Li posib pou' w kapab retire yon kondanasyon Dwog Dookhan nan dosye' w.**

Adres  
Adres  
Adres

9 Me, 2017

Che \_\_\_\_\_:

Mwen se yon jij nan Tribunal Siprèm Jidisyè, tribunal ki pi wo nan Massachusetts. Tribunal la detèmine ke li posib ke yo te kondanè w mal pou yonn oswa plizyè krim dwòg akòz de movèz kondwit chimis Annie Dookhan te komèt nan ka sa yo:

[ - Antre ka yo ]

Ms Dookhan te angaje nan movèz konduit nan yon laboratwa dwòg lets kote li tap travay. Dosye Tribunal yo montre ke Ms. Dookhan te teste kèk oswa tout dwòg ki swadizan genyen nan ka ke yo te kondanè w yo. Ka sa yo enskri nan paj ki atache yo.

Akoz de movèz kondwit Ms Dookhan nan, ou gen dwa espesyal pou w kesyone kondanasyon dwòg sa yo epi petèt retire yo nan dosyè w. Tribunal la konsène de ekite konviksyon sa yo epi li vle asire ke jistis fèt.

Retire yon kondanasyon nan dosyè w ka bay benefis enpòtan tankou travay, lojman, imigrasyon, ak plis. Pake sa a ki soti nan tribunal la gen ladan li enfòmasyon sou dwa legal ou ak opsyon yo, ki gen ladan yon lèt ki soti nan defansè piblik pou Massachusetts, ki rele Komite pou Sèvis Avoka Piblik.

Li posib kè w te resevwa yon lèt sou kà w la an septanm nan, men lèt sa a pà t soti nan tribunal la.

Si w gen nenpòt kesyon, mwen ankourajè w rele liy dirèk defansè piblik la nan 888-999-2881, oswa ale nan www.mass.gov/courts/druglab.

sensèman,

[E-siyati]

Jij Tribunal Siprèm Jidisyè a

**Nan pake sa a:**

- (1) Avi sou Dwòg w yo
- (2) Lèt konsèy Legal de Defansè Piblik la

# Dwa' w yo

## **1. Ou gen dwa ak yon avoka.**

Ou gen dwa pou'w pran konsèy nan men yon avoka pou konnen si'w ta vle kesyone kondanasyon yo. Si w chwazi pou'w ale nan tribinal la, ou gen dwa pran yon avoka pou reprezante' w. Si ou pa kapab peye yon avoka, yap ba'w yon avoka pou ba'w konsèy epi reprezante'w gratis.

## **2. Ou gen dwa mande tribunal la defèt kondanasyon'w nan.**

Ou pap oblige pwouve ke Annie Dookhan te mal jere tès dwòg nan ka'w la. Jij la ap jis imajine ke li te fè sa. Se sa yo rele yon "definitif sipozisyon" ke Ms Dookhan komèt movèz kondwit nan ka'w la.

Si'w te plede koupab, ou gen dwa pou'w mande pou yo chanje'l. Pou fè sa, ou dwe montre yon "rezon pwobab" ke ou pa tap plede koupab si'w te konnen movèz kondwit Ms. Dookhan.

Si apwè pwosè a yo te kondane'w, ou gen dwa mande pou yon novo jijman. Jij la ap revize ka'w la. Jij la ap ba ou yon novo pwosè, sof si jij la deside ke analiz dwòg Ms. Dookhan nan pa t'enfliyanse jiri a oswa li te gen sèlman yon efè mimim.

## **3. Si ou kesyone kondanasyon'w lan, epi ou genyen, ou gen dwa a yon novo jijman.**

Si'w kesyone kondanasyon dwòg la, epi rezulta a soti an fave'w, yon jij ap defèt oswa "elimine" kondanasyon an. Yon fwa yo elimine kondanasyon an:

- Pwosekitè a pap kapab ajoute okenn chaj novo oswa retounen avek okenn chaj ki te diminye oswa anile premye fwa.
- Si ou ale nan jijman ankò, yo ka selman deside si'w koupab oswa ou pa koupab. Si yo jwenn ou koupab, tribinal la pa kapab ajoute plis pinisyon anplis de sa ke yo te déjà ba ou yo. Yo pa kapab adisyone prizon, pwobasyon, oswa amand sou santans ou te déjà resevwa yo.

## **Pwochen Etap**

Li depann de ou pou'w deside si'w vle pran nenpòt lòt etap.

- Sí w pa fè anyen, kondanasyon an (yo) ki enskri nan lèt tribinal la ap rete nan dosye'w.
- Ou ka pale avek yon avoka pou'w deside si'w vle kesyone kondanasyon sa yo.

### **Kòman'w kapab jwenn yon avoka:**

- A. Sí w pa gen kòb pou'w peye yon avoka, ou gen dwa mande tribinal la pou ba'w yon avoka.

Itilize nenpòt nan metòd sa yo pou'w kontakte CPCS, ajans defansè piblik nan Massachusetts, pou kòmanse pwoesisis la:

1. Telefòn: **888-999-2881**
2. Sou entènèt: **www.publiccounsel.net/dlclu/intake**
3. Pa lapòs regilye:

Dookhan Case Intake  
Drug Lab Crisis Litigation Unit  
Committee for Public Counsel Services  
7 Palmer St., Suite 302  
Roxbury, MA 02119

- B. Si revni' w twò wo pou'w kalifye pou yo ba'w yon avoka, ou ka anplaye yon avoka.

Sí w pa déjà gen yon avoka, ou ka jwenn yonn lè w kontakte Bar Association nan Massachusetts, Boston Bar Association, oswa lòt referans sèvis avoka Bar Association.

Kèlkeswa revni'w ou ka rele liy dirèk Ka Dookhan nan.

### **Kesyon? Rele liy dirèk la!**

Sí w gen kesyon sou anyen nan pake sa a, oswa sí w vle aprann plis kòman' w ka egzèse dwa'w, rele **888-999-2881**. Liy dirèk la louvri Lendi jiska Vandredi, ki soti nan 9:30 a.m. pou rive 5 P.M. Li 100% konfidansyèl, epi se anplwaye ofis defansè piblik, CPCS.

Si ou te soumèt fòm sa yo nan tribinal la epi yon avoka poko rele'w oswa tribinal la nan lespas 30 jou, tanpri rele liy dirèk la pou yo ede'w.

### **Pou plis enfòmasyon:**

***888-999-2881***

***www.mass.gov/courts/druglab***

# Committee for Public Counsel Services

*Drug Lab Crisis Litigation Unit*

*7 Palmer Street, Suite 302, Roxbury, MA 02119*

TEL: 617-445-7581 FAX: 617-427-1320

*Dookhan Case Hotline: 888-999-2881*

Jen 2017

Chè \_\_\_\_\_:

Ou resevwa pake sa a paske ou gen yon kondanasyon kriminèl ki baze sou fwòd ke ansyen chimis laboratwa dwòg leta Annie Dookhan. Nou ap ekri'w kòm defansè publik ki te goumen pou jistis pou moun tankou'w, kapab defet kondanasyon sal Dookhan yo. Nou espere lèt sa a ap ede'w deside kisa pou'w fè kounye a dèskew konnen ou genyen yon kondanasyon parèy.

"Avi Dwa'w yo" nan pake sa a enfòme ou ke ou gen dwa pou'w gen yon avoka pou bâ w konsèy ak reprezante'w nan ka Dookhan ou an- gratis si'w pa kapab peye yonn. Nou ankourajé w pou'w reklame dwa sa a lè'w rele liy dirèk konfidansyèl nou an ki 888-999-2881. Ou pa gen anyen pou'w pèdi si'w chwazi fè sa a. Lè'w mande pou yon avoka, sa pa vle ke'w prale nan tribinal pou'w kesyone kondanasyon Dookhan ou an. W'ap kapab rankontre avèk avoka epi diskite opsyon'w yo anvan'w deside si pou'w ale nan tribinal. Si'w deside pa ale nan tribinal la, kâ w la ap fini epi kondanasyon Dookhan ou a ap rete jan'l ye a. Si ou deside kesyone kondanasyon Dookhan ou an, avoka'w la ap depoze yon mosyon pou anile nan tribinal la kote ou te kondane epi w'ap gen yon jijman devan yon jij pou mosyon an.

Li enpòtan pou'w konnen ke si w genyen mosyon pou'w anille kondanasyon Dookhan ou an, **ou pap fè fas a pyès pinisyon anplis de sa ou te deja resevwa nan ka'w la**. Si akizasyon yo nan ka'w la te diminye oswa anile, yo pa kapab retounen avèk akizasyon orijinal yo. Si w te deja fè tan nan prizon, yo pa kapab ba'w santans pou'w fè yon jou anplis. Se menm bagay pou pwobasyon ak amann - yo pa kapab egzije'w pou'w fè plis tan nan pwobasyon oswa pou'w peye plis lajan.

**Ki sa w'ap genyen si'w kesyone kondanasyon Dookhan ou a?** Repons lan depann sou sikostans ou yo. Yon kondanasyon dwòg souvan gen konsekans ki grav ki separe epi dire pi long ke santans ke tribinal la bay. Yo rele sa yo "pinisyon envizib" epi yo ka rann li difisil oswa menm enposib pou w viv lavi w nan pi meyè fason posib. Egzanp kote kondanasyon dwòg bay pinisyon "envizib" adisyonèl yo se:

- Imigrasyon
- Lojman
- Okipasyonèl ak lisans pwofesyonèl
- Travay an jeneral
- Benefis Piblik
- Èd finansyè pou edikasyon siperyè

Li posib ke'w te fè kèk nan eksperyans sa yo deja nan lavi'w. Si sa fèt, anile kondanasyon dwòg Dookhan ou a ka fè yon diferans. Menm si ou pat fè eksperyans sa yo nan pase'w, rejte kondanasyon dwòg Dookhan ou a ouvri posiblite pou avni-ou ki pa tap nòmalman disponib a ou menm.

Gen yon lòt rezon ki fè ou ta dwe konsidere pale ak yon avoka sou posiblite pou rejte kondanasyon dwòg Dookhan nan: ***jistis***. Kondanasyon'w nan te baze sou fwòd ke yon ajan gouvènman an te fe. Ou te fe tan nan prizon oswa pwobasyon oswa toulède. Yo pa ka remèt ou libète'w te pèdi a men ou ka eseye debarase tèt ou de kondanasyon sal sa a. Nan eksperyans reprezante moun ki kondane nan ka Dookhan, nou te jwenn ke anpil moun jwenn satisfaksyon nan batay pou defèt kondanasyon yo te bay enjisteman.

Si gen nenpòt kesyon sou sa nou te ekri oswa sou nenpòt lòt bagay nan pake sa a, nou ankouraje w rele liy dirèk nou an nan **888-999-2881**. Si'w pre pou'w mande pou yo ba'w yon avoka pou konseye'w ak reprezante'w oswa si'w gen kesyon konsènan si'w dwe mande pou yon avoka, nou ankouraje'w rele liy dirèk la tou. Ou kapab mande èd tou si'w ekri nou nan adrès ki anlè a oswa lè'w vizite sit entènèt sa a epi soumèt yon ankèt pa entènèt: [www.publiccounsel.net/dlclu/intake](http://www.publiccounsel.net/dlclu/intake).

Nou pre pou nou goumen pou jistis tout moun ki te viktim nan fwòd Dookhan la ak negligans gouvènman an nan laboratwa kote li te travay la. Nou espere tandem,

sensèman,



Nancy J. Caplan

Avoka an chaj